1945 Зэи ящымыгъупщэ махуэ лъапIэ 2018

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№60 (23.718) • 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 11, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIУЭКIУЭ Юрий: «Фи лIыгъэр лъабжьэ хуохъу Урысейм зедгъэузэщIыным»

ЗауэлI щIыхьым и къалэ Налшык и уэрам нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу цIыху мин пщIы бжыгъэхэр ирикIуащ. «Полк уахътынщэм» хэту абыхэм ящыгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий.

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ щыщытхъа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 73-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэнэ щIыпIи Iэтауэ щагъэлъэпIащ. Накъыгъэм и 9-м абы теухуауэ екIуэкIа Iуэхугъуэхэм хэтахэм къазэрыхэхъуам иджыри зэ къагъэлъэгъуащ ди щхьэхуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъыр зэрафIэлъапIэр, нобэ тхуэпсэухэми зэрыригушхуэр, пщIэ зэрыхуащIыр .

Махуэшхуэм и дауэдапщэхэр щаублащ Налшык паркым и ихьапIэм ит «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхьыж» мемориалымрэ Совет Союзым и лIыхъужьхэм, ЩIыхь орденым и нагъыщэ псори зыхуагъэфэщахэм я фэеплъымрэ деж.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и лIыхъужьхэм, дунейр фашизмэм къезыгъэлахэм я фэеплъым пщIэ хуащIыну пщэдджьжьым сыхьэти 10-м къызэхуэсат республикэм щыпсэу цIыху минхэр. ЩIыхь къэрэгъулым хэтт «Юнармия» урысейпсо хэкупсэ зэщIэхъеенигъэм и лIыкIуэхэр.

Къызэхуэсахэр хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий, Парламентымрэ Правительствэмрэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, профсоюз зэгурыэныгъэхэм, дин Iэхуащ1анIэхэм я унафэщIхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, щIалэгъуалэ организацэхэм щыщхэм, студентхэмрэ еджакIуэхэмрэ фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. Республикэм и Iэтащхьэр абы къырихьэлIа дэтхэнэ ветеранми бгъэдыхьэри фIыщIэ яхуищIащ гугъуехьым къызэфIимыгъащIэу фашизмэм зэрыпэщIэтам папщIэ, ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ екIуэхъуащ.

МузыкэмкIэ театрым и гупэм деж цIыхушхуэ щыIэзэхуэсат. Псэм едэхащIэ, лъэр щIэзыгъэкI, ТекIуэныгъэ Иным и мыхьэнэр къэзыIуатэ макъамэ, уэрэд зэмылIэужьыгъуэхэм утыкушхуэр я хэщIапIэт.

«Полк уахътынщэм» къыхыхьэхэм илъэс къэс къахохъуэ. Нэгъабэ а Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху мин 60, мы гъэм цIыху мин 80-м щIигъу хэтащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утым къыщежьэри, республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий зи пашэ цIыху минхэр Зэгурыгъэныгъэм и утым нэс къыдэкIуеящ.

ЩIынальэм и Iэтащхьэм иIыгъащ и адэшхуэ, къызэрыгуэкI сэлэт, 1943 гъэм Брянск деж щекIуэкIа зауэшхуэм хэкIуэда КIУЭКIУЭ Нахъуэ КIыщу и къуэм и сурэтыр. Республикэм и Iэтащхьэм къыбгурыитт Совет Союзым и ГIыхъужьхэзу Къуэныкъуэй Назир, Байсултанов Алим, Михайленкэ Василий сымэ я Iыхьлыхэр, школакIуэхэу «Вдохновение» дунейпсо инструментальнэ зэпеуэм и сауГъэт нэхъыщхьэр къэзыхьа ЩоджэнцIыкIу Асхьэд, «Умники и умницы» урысейпсо телевизионнэ олимпиадэм щытекIуахэу Мусукаев Ахъмэтрэ Уэлджыр Даянэрэ, «ЕгъэджакIуэ-еджакIуэ» щIынальэ макъамэ зэпеуэм и лауреат Устиновэ Алия, общественнаниемрэ нэмыцIбзэмкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм къыщыхэжаныкIахэу Шен Эрикрэ Бещто Елдаррэ.

Я Iыхьлы гъунэгъуэм я сурэтхэр яIыгъуу «Полк уахътынщэм» и сатырхэм хэту къыдэкIуеящ КъБР-м и Правительствэм, Парламентым я унафэщIхэр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, жылагъуэ зэгъэныгъэхэм, еджапIэхэм я лIыкIуэхэр, студентхэр, сэлэт фащэкIэ хуэпа сабийхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми иIыгъ сурэтым уигу кьеГъэкIыж: ЗрянскI деж щекIуэкIа зауэшхуэм хэкIуэда КIУЭКIУЭ Нахъуэ КIыщу и къуэм и сурэтыр. Республикэм и Iэтащхьэм къыбгурыитт Совет Союзым и ГIыхъужьхэзу Къуэныкъуэй Назир, Байсултанов Алим, Михайленкэ Василий сымэ я Iыхьлыхэр, школакIуэхэу «Вдохновение» дунейпсо инструментальнэ зэпеуэм и сауГъэт нэхъыщхьэр къэзыхьа «ВЕТЕРАН ЛЪАПIЭХЭ»!

ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Си гумрэ си псэмрэ хъабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ!

Посми ди дежкIэ фIыгъуэ мыкIуэщIу щыт мы гуфIэгъуэр и дамыгъэщ езыхэм я хэкумрэ дуней псомрэ фашизмэм кърагъэлын папщIэ Хэку зауэшхуэм и фронт псоми зэкъуэту щызэуа ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэрахьа лIыхъужьныгъэм.

ИлъэсипщIхэр блокI, арщхьэкIэ 1945 гъэм къэтхьа ТекIуэныгъэм, илъэсхэм сыт хуэдизкIэ пэжьжьэ дащIми, мы махуэр щытащ икIи кьонэж ди цIыхухэм лIыгъэу яхэлъам, цIыхугъэмрэ акъылымрэ ажалым, хьэкIэкхъуэкIагъэм зэрытекIуэм и щапхъэ нэрылъагъуэ.

Нацистхэм Совет Союзым удыныщхуэ кьрадзащ. Къэралым и мызакъуэу, лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэри зэкIуэдэнымкIэ шынагъуэ къыкъуэкIат. АрщхьэкIэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыззрыхигъэщащи, «ди цIыхубэр къыхэзыгъэщIэн къару щыIэкъым, щыIакъым икIи щыIэнукъым». Ар щхьэмыгъэзэу зэуащ икIи уи нэгу кьыщIумыгъэхьэфынур хузэфIэкIащ - бий щыкIар, хьэкIэкхъуэкIэр, гущIэгъунщэр зэхихьутащ, хэщIныгъэ ин игъуэтами, зэрыщыту ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зириуехынур иубзыхуащ икIи ар ТекIуэныгъэм хуищащ.

А зауэ шынагъуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ зылъэгъуэхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Дэ ди къалэнщ лIыхъужьхэм зэрахьа лIыгъэм и фэеплъыр тхъумэну, ди бынхэмрэ абыхэм къалъхужахэмрэ зи лъахэр зыхъума икIи дунейр нацизмэм къаIэщIэзыгъэкIыжа ди цIыхубэм зэрихьа лIыхъужьыгъэр зыхуэдэр ягурыдгъэIуэну. Ди зауэлIхэм яхуэтщI пщIэм лъабжьэ хуэхъун хуейщ тхыдэр зэрадзкIыну, Хэку зауэшхуэм теухуа пэжыр щIэзыуфэну хущIэкъуэхэм тКIийуэ дапэщIэтыныр.

Мы махуэм дэ пщIэшхуэрэ фIыщIэ инрэ яхудощI зауэ губгъуэхэм щыхэкIуэдахэм я фэеплъым, ТекIуэныгъэр къахьауэ къэкIуэжу зауэм зэхифыщIа ди къэралыр зэфIэзэгъэувэжахэм, хэкум и экономикэр, и лъащагъыр зыгъэбыдахэм.

Гуапэу дохъуэхъу икIи фIыщIэ яхудощI ди ветеранхэм. Дэ ди щхьэр яхудогъэщхъ фи лIыгъэмрэ псэемыблэжу фызэрыщытамрэ. ШыIэ фхэлъу апхэудиз гугъуехь къызэзыпэкIа щIэблэм хиубыда псоми фIыщIэ фхудощI.

Къэмыхьуа лIыгъэ дзэзыгъэлъэгъуа фэ сыт щыгъуи щапхъэу, гуаузу фыдиIэнущ. Ар лъабжьэ хуохъу Урысейм зедгъэузэщIыным жыдэжру дыхущIэкъэзным, щIэблэм Хэкур фIыуэ яльагъуным, хуэпэжным.

ПщIэ зыхуэтщI, ныбжьэгъуэ!

Ди къэралыр абрагъуэм зы унагъуи искъым зауэр зылъэпкъэ. Къэралым и лъэпкъ псоми я гъусэу, ди Хэкум и щIыхьыкIэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIэзэуащ ди республикэм и цIыхухэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэхэу, ипхъуэху мин 60-м щIигъу зэуапIэм Iутащ, абыхэм ящыщу мин 40-м щIигъум къагъэзэжакъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

★★★★★★

Ди нэхъыжьхэм я фэеплъ уэрэдхэр

Ветеранхэм уэрэд жаIэ.

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхъэрэ илъэс 73-рэ зэрырикъур Iэтауэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми.

ХАБЗЭ дахэ хъуауэ, а махуэм зауэм теухуа уэрэдхэр ягъэзэщIащ Хъарзынэ Руслан и цIэр зезыхьэ, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм «Эстафета» зыфIаща хорым хэтхэм. Зауэр щекIуэкIа илъэсхэм, шэч хэмылъу, салэтхэм гугъэ къахэзэлытхъэу къадэгъэузгурыкIуэр уэрэдхэрщ, араща ахэр нобэ цIыхухэм щIагъэлъапIэр. Апхуэдэ уэрэдхэм щIэдэIуну «Восток» киногъэлъэгъуапIэм и гупэм къекIуэлIар мащIэтэкъым. Нэхъыжьхэм ягъэзащIэм къызэхуэсахэри дежьурт, а уэрэдхэр фIыуэ зэралъагъум и щыхьэту.

Гупым мы зэманым цIыху 35-рэ хэтщ, и художественнэ унафэщIыр Гридасов Геннадийщ, концертмейстерыр Сидельниковэ Людмилэщ. «Ди хорыр илъэс 40-м щIигъуауэ къоГуэгурыкIуэ. ЦIыху мащIэу зэгуэр дыкъежьауэ щытами, хуэмурэ нэхъыбэ дыхъуащ, цIыху 40-м дынэблагъуэ, - жIеIэ хорым и пшыхьэр езыгъэкIуэкI Наурыз Валентинэ. - Ди гупым хэтхэр уэрэд жьыIэныр фIыуэ зылъагъуэхрщ, абыхэмкIэ цIыхубэм дрэжэгъуэ иратыну зыфIэфIхэрщ. Дэнэ сыт хуэдэ уэрэд щыдгъэзащIэми, дэ илъэс къэс жуаплыныгъэшхуэ тхэлъу зыхудогъэхьэзыр ТекIуэныгъэм и махуэм. Пэжыр жыIэмэ, нэхъ ипэкIэ зауэм хэта куэд ди гъусащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым Осташевэ Любовь и закъуэщ тхэтыжыр. СызэрелъымкIэ, икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мы махуэм зауэ зэманым жаIэу щыта уэрэдхэр дигу къэдгъэкIыжыным, ахэр цIыхубэм зэхедгъэхьыным».

Пшыхьым щыжаIащ «Анэ», «Песнь о солдате», «Снег седины», «Вальс медсестры», «Сны солдатские» уэрэдхэр. Хорым хэт Паничевэ Тамарэ «Баллада о касках» уэрэдыр гум хыхьэу зэригъэзэщIар къыхэгъэщыпхъэщ, сыту жыIэмэ а зы лжьыгъэмкIэ абы къызэхуэсахэм я нэгум къыщIигъэхьэфащ зэкъуэшитIым я зауэ гъуэгуанэр, я насыпыр. Апхуэдэ дапщэ хэтат Хэку зауэшхуэм?! Гупым хэт цIыхухъуэхэм зэдзекъуэ жаIащ «Темная ночь» уэрэдыр. Павлов Валентин игъэзэщIа и «Маритана» уэрэдымкIэ цIыхухэм я гукъыдэжыр щхьIэтащ.

Пшыхьым еплъын щхьэкIэ абы зыкъ-резыгъэхьэлIа, КъБР-м и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм хэт, налуг Iуэхущ1анIэм илъэс 20-м щIигъукIэ щылэжьа Къудей Лилэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр зэрекIуэкIыр къызэрыщыхъум дыщыщIэупщIам, къыджиIащ и адэ къуэшитI - Абазэхэ Хьэжбэчырэ Нанурэ Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу зэрыхэкIуэдар, иужьрейр Севастополь къалэм деж щыщIалъхьауэ зэрыщытам и хъыбарыр къэлъыхъуакIуэхэм иджы дыдэ къызэрыIэрагъэхьар. «2016 гъэм Москва къалэм ялэ дыдэу «Полк уахътынщэр» къыщыщызэрагъэпэщам щыгъуэ си щхьэгъусэр, ди бынхэм я быныжьхэр дызэгъусэу дыкIуэри, абы дыхэтауэ щытащ. Ар си адэр къызэрызгъэгугъа къалэнт. Къалэным къыщымынэу, ди ялэ итахэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуэтщI Iуэхут, - къыджеIэ ди псэльэгъум. - Си щхьэгъусэми и адэ Къудей Шэмсэдин 115-нэ шуудзэм хэту Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэрихьащ. Уэгъи хъуат, ауэ къигъэзэжат. АрщхьэкIэ пасэу дением ехьжащ. Абыхэм я сурэтхэр тIыгъуу дыщикIуэм, дэтхэнэми куэд зыхэтщIауэ схужьыIэнущ. ИкъукIэ сыщIохъуэпс ди щыхьэрым зэрыщыслъэгъуам хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми и «Полк уахътынщэм» хэтхэм зауэ уэрэдхэр жаIэу ирикIуэну. Сыт и уасэт «Къурхэр» уэрэдыр зэпадзыжу цIыкIури инри а Iуэхум хэтыну! Нобэ мамыру дунейм дыззэрытетыр зи фIыщIэхэр цIыхухэм ящымыгъупщэну сыхуейт. ЩIалэгъуалэр езыр-езыру мы Iуэхум къызэрыхьыхьэри уи гуапэ мыхъуу къанэрэкъым. Ар ди гъэсэныгъэм щыхьэт техъуэу къызолъытэри, ди щIэблэм я дунейр дахэу екIуэкIыну Тхьэм жиIэ!»

Къудей Лилэ жиIащ Севастополь кIуэуэ и адэ къуэшым и кхъащхьэр зригъэлъагъуну зэригугъэр.

ТекIуэныгъэм и уэрэдхэр накъыгъэм и 9-м и пщыхьэщхьэ псом щыIащ Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамми. КъБР-м и Филармонием и симфоние оркестрым игъэзэща макъамэхэм цIыхухэм я гукъыдэжыр къаIэтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей уэрамым махуэшхуэр щаIэт.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ «Урысейм и пощт» федеральнэ Iуэхущ1анIэм и къудамэм - КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм - ирегъэкIуэкI 2018 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэныр.

Республикэм ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» - Iэ щытевдзэ хуэнущ КъБР-м и пощт Iуэхущ1анIэхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Iуэхутхъэбзэр нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжынущ.

«Адыгэ псалъэр» унэм ныфхуахьынумэ, и Iэ тедзапщIэр илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кIэлIейкIэ 48-рэ мэхъу, ар пощтым къыщеIыфхьыжынумэ - сом 511-рэ кIэлIейкIэ 44-рэ хуоэз.

Ди индексыр 51531

«Фи лІыгъэр лъабжьэ хуохъу Урысейм зедгъэуэзэщІыным»

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Нобэ дэ ди щхьэхэр яхудогъэщхъ зэуанІэ губгъуэхэм зи псэр щІызытахэм я фэеплъ нэхум, дахуощыгъуэ зауэм и иужь илъэсхэм дунейм ехыжа ди зауэлІхэм. Ахэр дэ зэи дигу ихунукъым!

Ди зауэлІ гъэзэджкэхэм зыщІагъакъуэу текІуэныгъэр къытхуахьащ зауэм Іумытахэми. ЛІыжьхэр, щІыхубзхэр, сабийхэр губгъуэхэмрэ заводхэмрэ щІылэжьащ, мэжэщІалІагъэм, зыхуей зэрамыгъуэтым, я Іыхьлыхэр зэрыхэкІуэдам теухуауэ кьаІэрыхьа хъыбар шынагъуэхэм къызэфІамыгъащІэу.

ЛІыгъэ мыкІуэдыжьым зэрызэфхьам папщІэ щхьэщэ фхудощІ зауэм Іутахэм, а зэманым лэжьахэм. Фэ дуней пСом евгъэлъэгъуащ Хэкум хувиІэ лъагъуныгъэр нэхъ бий гущІэгъунщэ дыдэм нэхърэ зэрыснэхъ лъэщыр.

Пщіэ зыхуэтщІ ныбжьэгъуэ!

Хэку зауэшхуэм дерс куэдыкІей къыдитащ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр мыращ: дэ зыри къыщыттемыкІуэнур дызэкъуэтмэщ, дыззакъыпІэгъумэщ икІи ди Хэкум дыхуэлажьэмэщ. Урысейм и быдагьыр иджыри ягъэунэхуну къару пыухыкІахэр щыхущІэкъу мы зэманым дэ ди къэралым дыхуэсакъын хуейщ ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я щапхъэм дытету. Дэ дгъэбыдапхъэщ ди зэкъуэтыныгъэмрэ Хэкум хуэпэжьныимрэ я щапхъэ къыддекІуэкІхэр.

ТекІуэныгъэр тхыдэм хэгъуэщакъым, ар нобэми пщэдейми хуэгъэзащ. Иджырей щІэблэмэ къытщІэхъуэнухэми я дежкІэ ар ди къэралым и кІарум и хэкІыпІэ мыкІуэщІщ, ди щІыхубзм Хэку зауэшхуэм къыщІихьа ТекІуэныгъэм и инагъыр зэи фагъуэ зэрымыхъунур гушхуэныгъэ къытхуэхьэщ.

Си фІэщ мэхъу ди щІыхубзм Хэку зауэшхуэм къыщІахьа ТекІуэныгъэм и пщІэр зэи зэрымыуэжьыхынур.

ТекІуэ щІыхубзм - щІыхь!

ГуфІэгъуэмкІэ сынывохъуэхъу, ныбжьэгъу лъапІэхэ!

ТекІуэныгъэм и махуэмкІэ сынывохъуэхъу!».

ГУФІЭГЪУЭ дауэдапщэхэм пащэу ирагъэкІуэкІащ «ЛІыхъужьыгъэ ин къыщІэзгъкуаха ильэсхэр тщыгъупщэнкъым» театр гъэлъэгъуэныгъэр, «ТекІуэныгъэм и вальс» щІалэгъуалэ зэхуэхьэр. Къыздэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и артист щІэрыІуэхэм, сабий ансамблхэм. Концертым щагъэзэщІащ Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу Къанкъуэщ Ахьмэдхьанрэ Байсултанов Алимрэ ятеухуа уэрэдхэр (адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкІэ).

Пщыхьэщхьэм Абхъазым и утым дежи зауэм теухуа фильмыщІэ щагъэльэгъуащ ди къэралым щызэхуэсат щІыхуэшхуэ. Сыкьэт 21-м Дзэ щІыхьым и кьалэ Налшык и уэгур хьэрэкІыпІэмрэ Хэкум яуэпэжьнымрэ я щапхъэ къыддекІуэкІхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Махуэшхуэ зэхуэсхэр

ФІыщІэ мыухыж

ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэр гукъинэжу, щІэщыгъуэу щекІуэкІащ Аруан щІынальэм. Абы зэдаууэ хэтащ цІыхуищ бжыгъэхэр, зэрахь къулыкъуи, я ныбжьи, зыщыщ лъэпкъи емылъытауэ.

МАХУЭШХУЭ пэкІум хэтыну зи мурадхэр щІыпІэщІыпІэхэм пщэдджыжьым жьауэ щыізэхуэсу хуежьащ. Іуэхум хуэгъэщІэрэщІа Нарткъалэ псом хуэмыдэжу екІут, нэжэгужэт накъыгъэм и 9-м. Абы щыізэхэпхырт ТекІуэныгъэ Иным, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм, лІыгъэм ятеухуа уэрэдхэр. Районым и Іуэхущ1апІэ къэс къикІа лІыкІуэ гупхэр сыхьэти 8 нэхъыбэ екІуэлІащ «Сабий дуней» тыкуэным и гупэм кьит утыкуэкІхэм. Куэд дэмыкІыу абыхэм къахьхьащ къалэм щылажьэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэри. �щІыпІэм и къулыкъущІэхэм нэмыщІ, гупышхуэ зэрыгъэхъуэхэм яхэтт орденхэмрэ медалхэмрэ зи бгъэгуи щылыд нэхъыжьхэри, абыхэм папщІэ гушхуэныгъэ зи гуи илъ щІалэгъуалэри, зи къуэрылъхупхъурылъху цыкІуэхэр зи гъусэ адэшхуэ-анэшхуэхэри. Абыхэм я нэхъыбапІэм яІыгът Хэку зауэшхуэм хэкІуэда е абы къикІыжу иужькІэ дунейм ехыжа я Іыхьлыхэм я сурэтхэр. ГурыІуэгъуэт ахэр «Полк уахьтынщэм» хэтыну кІыізэрекІуэпІар.

Къэралпсо гуфІэгъуэр Аруан щІынальэм щызыгъэлъэпІэну къьекІуэлІахэм къахэщырт Нарткъалэ дзт курыт школи 6-м я еджакІуэхэр, абыхэм кьедза сабий садхэм я гъэсэнхэр. Школ къэс адрейхэм емыщхьу яІыгът шар гъэпца зэмыфэгъуэхэр. ЗэщІэбырыбэ я гъэпца хъурейхэмрэ удз гъэгъахэмрэ дэхуарзэрт ныпхэр, къыхуеджэныгъэ зытет щэкІ ІэщІахэр. А псоми ящІыгъэкт гумрэ псэмрэ зэщІэзэІэтэ текІуэныгъэ макъамэхэр.

Район администрацэм и унафэщІхэр я пашэу гупыр сыхьэти 9 нэхъыш теуващ Нарткъалэ и Къэбэрдей уэрамым. Абы ирикІуэурэ, пэкІур нэсащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу къалэкум итым дежикІи ТекІуэныгъэ Иным теуху пэкІум щІидзащ. Къыізэхуэса псоми махуэшхуэмкІэ ехъуэхуащ щІыпІэм и унафэщІхэр, зэхуэсым къырихьэлІа ветеранхэм фІыщІэ мыухыж хуащІу. Удз гъэгъахэр фэеплъым тралъха нэужь, школкІуэхэм яІыгъа шар гъэпщахэр уэгум ираутІыпщкьащ, «Ура-а-а-а!» иным щІэту.

Махуэшхуэм щІыпащащ Нарткъалэ дзт ФизкультурэмкІэ уардэунэм и бжэІупэм. Абдеж гуфІэгъуэ концертышхуэ щекІуэкІащ, районым щыІэ творческэ гупхэм, артист ныбжьыщІэхэм я къарукІэ кьызэрагъэпэщауэ.

Нарткъалэ щекІуэкІа райондж пэкІум кьыдэкІуэу щІынальэм кьепха жьлхэзми щагъэлъэпІащ ТекІуэныгъэм и махуэр. Къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я жэрдэмкІэ курыт школхэм щызэхуэшсащ нэхъыжьыфІхэр. Абыхэм кьыхуащтащ ерыскъы Іэнэхэр, ирагъэпІащ нэгузыужь концертхэм. Накъыгъэм и 9-м хьэблэхэм жьэрымэжэр щагъэуащ, зауэм зэкІуэдахэм, хъыбарыншэу кІуэдахэм я псэм лъысыну Тхьэм елъэІуурэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Щомахуэ Юрий Аслъэнджэрий и къуэр

И ныбжьыр илъэс 81-нэм иту 2018 гъэм накъыгъэм и 10-м дунейм ехыжащ мэкъумэш Іэнатіэм и кІэзэгъэпэщакІэ Іэкіуэлъакіуэ, щІэныгъэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Щомахуэ Юрий Аслъэнджэрий и къуэр.

Щомахуэ Юрий 1937 гъэм фокІадэм и 25-м Тэрч посёлкэм къыщалъхуащ. Бгырыс мэкъумэш институтым щІэтІысхьэн и пэкІэ Мало-Къэбэрдей МТС-м комбайнеру щылэжьащ, институтыр кІуиуа нэужь ар Тэрч районым хьхьэ Курп Илщэ къуажэм щыІа «40 лет Октября» колхозым и агроном нэхъыщхьэу яГъэуващ. 1963 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Май районым XXII парт съездым и цІэкІэ щыІа совхозым Іэпхъэуэри, Іэнатіэ зэмыІІэужьыгъуэхэм пэрытащ, 1973 гъэм щыщІэдзауэ илъэс 27-кІэ а совхозым и унафэщІу щытащ. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, совхозыр къэрал псом цІэрыІуэ щыхъуащ.

Станицэр зэІуэпэщ щІыным, абы дэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ Щомахуэ Юрий куэд зэфІигъэкІащ. А зэманым яухуащ щэнхабзэмкІэ унэр, школыщІэ, сымаджэщ, псэупІэ унэу 50, дэтхэнэри фэтэр 12 хъуурэ униц, сабий 320-рэ зэкІуэлІэ сад, унагъуэ псоми газымрэ псымрэ ирашэлІащ.

Пенсэм кІуа иужь Щомахуэ Юрий лэжьащ КъБР-м щакІуэ ІэхъухэмкІэ и управленэм и унафэщІу.

Абы тэмэму зэдихьыфырт мэкъумэш Іэнатіэмрэ щІэныгъэ Іуэхухэмрэ. АгрохимемкІэ Прянишников Д. Н. и цІэр зезыхьэ урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щыпхигъэкІащ кандидат диссертацэр, нэхъ иужькІэ - доктор диссертацэр. Щомахуэ Юрий щІыр зехьэнымрэ агрохимиемрэ ятеухуа щІэныгъэ лэжьыгъуэ 100-м щигъу итхащ, абыхэм монографиеу 5 яхэту.

Иужьрей зэманым ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым агрохимиемкІэ и кафедрэм и профессору щытащ, кандидат, доктор диссертацэхэм зэпІэзэнымкІэ совет щхьэхуэм хэтащ, апхуэдэу Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ Урысей академиемкІэ щІыр зехьэнымкІэ, мелиорацэмкІэ, мэз хозяйствэмкІэ и кьудамэм агрохимиемкІэ и секцэм и бюром хэтащ, «Кавказ Ищхьэрэ» ассоциацэм и советым КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІыу щытащ.

Щомахуэ Юрий сыт щыгъуи жьыджэру жылагъуэ лэжьыгъэм хэтащ, депутату зыбжанэрэ хахащ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм, КъБР-м и Парламентым мэкъумэш ІэхуэхэмкІэ я комиссэхэм я унафэщІу щытащ.

Абы иригъэкІуэкІа лэжьыгъэшхуэм хуэфащэн гульытэ къэралым къыхуищІащ. Щомахуэ Юрий Ленин орденыр, ГуащІэдэкІ Бэракъ ПІэлъжь орденыр, «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр, медалу 6 кьаратащ, «Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ нэхъыфІхэм ящІыщ зыр, лэжьакІуэхуэр, щІэныгъэлІ цІэрыІуэр, цІыху хьэлэмэтыр сыт щыгъуи ягу илъынщ абы дэлэжьахэмрэ зыцІыхуу щытахэмрэ.

КІэухуэкІэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Т., Канунников В. А., Къуэдзокъуэ М. М., Амщокъуэ Ф. Къ., Аттаев Ж. Ж., АфэщІагъуэ М. Хь., Берд Хь. А., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Взрокъуэ В. Хь., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадэ М. А., Евтушенкэ Н. Н., Евтушенко С. В., Жканатаев С. А., Жыдэжэт А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къалэ З. А., Канунников А. Д., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., КІэрэф М. А., Клевцов М. М., Мамхэгъ А. Ш., Маслов Н. А., Мокаев К. А., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. КІ., Федченкэ Л. М., Хьэжу В. Ш., Хьэщхъуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

● АПК

Гъатхасэр и кІэм ноблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэхэм гъатхасэр и кІэм щыноблагъэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъащІэмкІэ, гъатхасэм мы гъэм гектар мини 160-м щІигу хухахащ. Ар 2017 гъэм щыІам нэхърэ нэхъыбэщ. Гъавэ щІапІэхэм я зэхуэдитІым нэблагъэм нартыху трасэ.

Абыхэм къадэкІуэу, бжьыхьэсэр зытраса гектар мин 40-м нэблагъэм щІыгъэпшэрэхмкІэ йогугъу, иджыпсту щыщІэдзауэ ялщІэ. Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэ псори и пІалъэм зэфІахьнщ. Бжьыхьэсэ гуэдзымрэ хьэпцІийм рэ хьарзынэу къызэщІэрыуащ. Абыхэм химие пкъыгъуэхэмкІэ йолэжь.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Мая щІыналъэ

ЩІалэгъуалэмрэ спортымрэ

Мая щІыналъэм спортым гулъытэ хэха щыхуащІ.

ЦІЫХУХЭМ я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ Іуэхущ1апІэр зэрахьащ, зыхуей хуагъэзащ. ЩІынальэ бюджетым щыщу абы трагъэкІуэдащ сом мин 800-м нэблагъэ.

Май кьалэм дэт сабий-щІалэгъуалэ спорт школым къудамэ зэмылІэужьыгъуэу 34-рэ иІэщ. А секцэхэм йокІуалІэ илъэси 7 - 18 ныбжьым итхэу цІыху 500-м щІигъу. Псом хуэмыдэу кьалэдэс щІалэгъуалэр дехьэх атлетикэ псынщІэм, боксым, псым есным, футболым, алыдж-урым, бэнэкІэ хуитым, дзюдом, стІол теннисым. ДЮСШ-м и унафэщІ Колесников Александр къызэрыджИамкІэ, илъэс еплІанэ хъуауэ иужь итщ спортымкІэ утыр зыхуей хуэгъэзэным. Къэрал программэм и фІыгъэкІэ кьалэрыхьащ школыр зыхьеину спорт Іэмэпсымэхэр. Ауэ ахэр зыхуей хуэзэу бгъэувын папщІэ утхэр кьызыхуэтыншэу асфальтрэ алэрыбгъу Іэрыщ1эхэмкІэ къищІыкІын хуейщ. Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ секцэр щылажьэ �щэнхабзэмкІэ унэри зэгъэзэхуэжьапхъэщи абы зэманыбфІ текІуэдэнщ. Дауэ хъуми, щІыналъэ администрацэм и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ щІалэгъуалэ нэхъыбэ спорт секцэхэм зэрыришэлІэным.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 11, *мэрем*

♦868 гъэм Китайм къыщыдагъэкІащ зэрыбкІэ тедза яп1э тхьылъыр.

♦1818 гъэм Урысейм хьихьэу къызэрагъэпэщащ Бессарабие областыр.

♦1927 гъэм США-м къыщызэрагъэпэщащ киноГуаздж1эмкІэ академие. Къэралым щытраха фильм нэхъыфІхэм щыджэгуаэхэми абыхэм елэжьахэми «Оскар» саугъэтыр иратыныр къыхэхьылъхьар аращ.

♦1934 гъэм КъБР-м ПромышленностымкІэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦1939 гъэм Халхин-Гол (Монголие) псым деж Іэщэкіэ щызэпэщІуэващ СССР-мрэ Япониемрэ я дзэхэр.

♦1949 гъэм Израилыр ЛІэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухъэныгъэм (ООН) хьхьащ.

♦2014 гъэм Донецк ЩІыхубз Республикэм щекІуэкІащ езыхэм я къэралыгъуэ яІэжыным унафэ щытращІыхьа референдум.

♦Урыс сурэтыщІ, Петербург художествэхэмкІэ и академием и вице-президенту щыта, Кавказым мызэмыитІэу щыІа, ди щІынальэм, ди цІыхухэм ятеухуа сурэтхэр зыщІа **Гагарин Григорий** къызэралъхуре илъэс 208-рэ ирокъу.

♦ИнджылыІз ткачІуэ, «Овод» роман цІэрыІуэр зи Іэдакъэщ1экІ **Войнич Этель Лилиан** къызэралъхуре илъэси 154-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ сурэтыщІ цІэрыІуэ, ткачІуэ **Дали Сальвадор** къызэралъхуре илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Евтушенкэ Николай** къызэралъхуре илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Урысей ткачІуэ, драматург, журналист **Левашов Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КӀужы кинорежиссёр, актёр, Курскым и цІыхубэ артист **Шенгелая Георгий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ и министр, Урысей Федерацэм и полицэм и генерал, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор **Колокольцев Владимир** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор цІэрыІуэ, усакІуэ **Меладзе Константин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1, республикэм щІыхь зиІэ и экономист **Мусуков Алий** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 12, *щэбэт*

♦Медсестрам и дунейпсо махуэщ

♦Израилым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦1731 гъэм Ладогэ псы дэжьыпІэм къъухьэр щызэкІуэу хуэнащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Прагэ къаларр нэмыцІэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1975 гъэм СССР-м и киноТеатрхэм щагъэльагъуэу щІадзащ Бондарчук Сергей Шолохов Михаил и романыр и лъабжьэу триха «Они сражались за Родину» фильмыр. Къэралым щыпсэуэ гъэм ящыщу мелуан 40-м щІигъу епльат абы.

♦Абхъазым и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Шинкубэ Бэгърат** къызэралъхуре илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, ткачІуэ, архитектор, жылагъуэ лэжьакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вознесенский Андрей** къызэралъхуре илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** и къызэралъхуре илъэс 83-рэ ирокъу.

♦ШэрджэС еджагъэшхуэ, Іуэрыіуатэдж, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Гимнасткэ цІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгуэхэм я чемпионкэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Кабаевэ Алинэ** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 0 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 13, *тхъэмахуэ*

♦УФ-м и Тенджвэ ФІыщІэ флотым и махуэщ. 1783 гъэм тенджвэ ФІыщІэм къызэрагъэпэщащ Урысей флотыр.

♦1754 гъэм пащтыкъ гуащэм, Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ, унафэ ищІащ Урысейм яп1э къэрал банк къыщІызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1829 гъэм Пушкин Александр Москва кърагъэкІри, Кавказым щІызауэ дзэм хахьэхащ.

♦1836 гъэм Урысейм ухуэн щыщІадзащ къэралым щыяпэ гъущІ гъуэгур, Петербург - Царское Село - Павловск щІыпІэхэр зэпыізыщІанур. Километр 26-рэ и кІыхьагъ а гъуэгур къызэІуахат 1837 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м.

♦1888 гъэм Бразилием къыщащтащ цІыхуэр ягъэпщылІу мыдэнымрэ теухуа унафэ.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм зыкъыщІэтащ.

♦1921 гъэм ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищІащ цІыхухэм зыщагъэпэсхуну, я узынщагъэм щыкІэльагъэплъыну унэхэр РСФСР-м къыщызэІуахынур теухуауэ.

♦1927 гъэм Киев къыщызэрагъэпэщащ «Динамо» футбол командэр.

♦1991 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниеи (ВГРТК) лэжьэн щІидзащ.

♦2000 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ щІынальхьрэ УФ-м и Президентым и лыкІуэу абыхэм щыІэнухэм я Іуэхущ1апІэхэмрэ.

♦ТкачІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъубж Мухьэдин** къызэралъхуре илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Урысейм и ЛІыхъужь **Къардэн Уэхьид** къызэралъхуре илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІІэ зиІэ и ухуакІуэ, УФ-м щІІэ зиІэ и Гъуэгуухэр, «Мостстрой» ОО-м и генеральнэ директор **Джэрыджэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Зеущэ Іэуес** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат **Къанькъуэ Заринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 14, *блыщхьэ*

♦Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ

♦Астрономием и дунейпсо махуэщ

♦Хьэлэлу сату щІыным и дунейпсо махуэщ

♦1692 гъэм яп1э урыс дзэ кхъухьыр псым трагъэхьащ.

♦1796 гъэм инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдвард яп1э фэрэкІ хилъхьащ.

♦1900 гъэм Франджым и кьалащхьэ Париж къыщыізІуахащ II Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦1904 гъэм Сент-Луис (США) къыщыізэІуахащ III Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦1955 гъэм Албаниемрэ, Болгариемрэ, ГДР-мрэ, Венгриемрэ, Польшэмрэ, Румыниемрэ, СССР-мрэ, Чехословакиемрэ лІыкІуэхэм зэращІылІащ зэнхбжьэгъуныем, зэдэлэжьэнымрэ зызэщІагъэхъуэнымрэ ятеухуа Варшавэ зэгурыІуэныгъэр.

♦1995 гъэм Беларусь Республикэм щекІуэкІащ яп1э цІыхубэ референдумыр. Абы ипкъ иткІэ къащтащ щытащ къэралым и ныпымрэ и гербымрэ.

♦2005 гъэм дунейм щыяпэу вертолёт тетІысхьащ ЩІы хъурейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест и щыгум. Ар зыхуэзфІэкІар франджы кхъухьлатэзехуэ Дельсаль Дидьещ.

♦2008 гъэм Санкт-Петербург и «Зенит» футбол клубым УЕФА-м и Кубокыр къихьащ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и яп1э президенту щыта **Ардзинбэ Владислав** къызэралъхуре илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тосунян Гарегин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пщэм техьэ-текІуэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Щэнхабзэ-хэкупсэ теплъэгъуэ

Урысей Федерацэм и дэнэ щІыпІи хуэдэу, ди республикэми Іэтауэ щагъэлъэпІащ ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр. Абы ипэ къихуэу екІуэкІа зэхьэхьэ купщІафІэхэм ящыщщ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэрагъэпэщащ, «ТекІуэныгъэ Иным уху1эзышэ гъэзугуэр» зыфІаща щэнхабзэ-хэкупсэ спектакль теплъэгъуэр.

МАХУИТІКІЭ екІуэкІа а Іуэхугъуэр накъыгъэм и 6-м щаублащ Долинск и Курорт гуэлым и Іэшэлъашэм. Абдеж къыщызэрагъэпэща сэлэт лагерым «щыпсэурт» КъБКъУ-м и «партизан гупыр». Дзэ фащэкІэ хуэпа щІалэхэмрэ пащащэхэмрэ зауэм епха зыгъэсэныгъэхэм хэтащ махуэ псоми. Пщыхьэщхьэм ахэр еплъащ зауэм теухуа фильм гъэщІэгъуэн. Студентхэм жалэ уэрэдхэм ящІэт макъамэхэр ягъэзэщІащ Іуэхум хэтыну кьрагъэблагъэ, Урысейм и Лъэпкъ гвардием и 3723-нэ дзэ частым и оркестрым хэтхэм.

А псори ипэ ит махуэм екІуэкІа нэужь, накъыгъэм и 7-м сыхьэти 4-м «сэлэтхэр» къигъэушащ уэздж1энэм и зу макъым. Апхуэдэу щІадзащ «Хэку зауэшхуэм и зы махуэ» фэеплъ акцэм. Абы хэтахэм гуэлым траутІыпщкьащ шэху уэздыгъэхэмкІэ зэхагъэува «ТЕКІУЭНЫГЪЭ» псалъэр. Къызэхуэсахэр асыхьэтым дакъикъкІэ щыму яхуэщыгъуащ ди къэралым и щІэныгъэ-щІэныгъэ ин къыщІэзгъкуаха илъэсхэр тщыгъупщэнкъым» театр гъэлъэгъуэныгъэр, «ТекІуэныгъэм и вальс» щІалэгъуалэ зэхуэхьэр. Къыізэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и артист щІэрыІуэхэм, сабий ансамблхэм. Концертым щагъэзэщІащ Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу Къанкъуэщ Ахьмэдхьанрэ Байсултанов Алимрэ ятеухуа уэрэдхэр (адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкІэ).

Пщыхьэщхьэм Абхъазым и утым дежи зауэм теухуа фильмыщІэ щагъэльэгъуащ ди къэралым щызэхуэсат щІыхуэшхуэ. Сыкьэт 21-м Дзэ щІыхьым и кьалэ Налшык и уэгур хьэрэкІыпІэмрэ Хэкум яуэпэжьнымрэ я щапхъэ къыддекІуэкІхэр.

Апхуэдэу щІадзащ «Хэку зауэшхуэм и зы махуэ» фэеплъ акцэм. Абы хэтахэм гуэлым траутІыпщкьащ шэху уэздыгъэхэмкІэ зэхагъэува «ТЕКІУЭНЫГЪЭ» псалъэр. Къызэхуэсахэр асыхьэтым дакъикъкІэ щыму яхуэщыгъуащ ди къэралым и щІэныгъэ-щІэныгъэ ин къыщІэзгъкуаха илъэсхэр тщыгъупщэнкъым» театр гъэлъэгъуэныгъэр, «ТекІуэныгъэм и вальс» щІалэгъуалэ зэхуэхьэр. А ІуэхуэгъэзэщІ гъэщІэгъуэн къелу къэзыгъэзэжа фэ нэхъыжьхэм фи фІыгъэщ нобэ дилъ дахагъэ псори. Узынщагъэ быдэ фиІэу апхуэдэ махуэшхуэ куэд иджыри вгъэлъэпІэну ди гуапэщ.

ЗэІуэщІм къыхьэлІа ветеранхэм ираташ УФ-м Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІ юбилей медалхэр, ахьшэ саугъэтхэр. А Іуэхугъуэ гуапэм къыкІэлъыкІуэу ветеранхэр ирагъэпІащ махуэшхуэм и щыхьэкІэ къызэрагъэпэща гуфІэгъуэ концертым. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуа хэкупсэ уэрэдхэр ягъэзэщІащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Каллисто» творческэ гупхэм. Прохладнэ къалэм дэт 31681-нэ дзэ частым и 346-нэ бригадэ щхьэхуэм хэт сэлэтхэм ЗэщІэзэсахэм ирагъэльагъуащ Іэпщ1рыбанэкІэ ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр.

Махуэшхуэм зэхуэпсат губгъуэ пщэфІапІэм щагъэхьэзыра сэлэт ерыскъыри. Ар яфІэІэфІу зыІуэхуащ зэхуэсым къыхьэлІа куэдым. Іуэхум и кІэухуу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 11, *мэрем*

♦868 гъэм Китайм къыщыдагъэкІащ зэрыбкІэ тедза яп1э тхьылъыр.

♦1818 гъэм Урысейм хьихьэу къызэрагъэпэщащ Бессарабие областыр.

♦1927 гъэм США-м къыщызэрагъэпэщащ киноГуаздж1эмкІэ академие. Къэралым щытраха фильм нэхъыфІхэм щыджэгуаэхэми абыхэм елэжьахэми «Оскар» саугъэтыр иратыныр къыхэхьылъхьар аращ.

♦1934 гъэм КъБР-м ПромышленностымкІэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦1939 гъэм Халхин-Гол (Монголие) псым деж Іэщэкіэ щызэпэщІуэващ СССР-мрэ Япониемрэ я дзэхэр.

♦1949 гъэм Израилыр ЛІэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) хьхьащ.

♦2014 гъэм Донецк ЩІыхубз Республикэм щекІуэкІащ езыхэм я къэралыгъуэ яІэжыным унафэ щытращІыхьа референдум.

♦Урыс сурэтыщІ, Петербург художествэхэмкІэ и академием и вице-президенту щыта, Кавказым мызэмыитІэу щыІа, ди щІынальэм, ди цІыхухэм ятеухуа сурэтхэр зыщІа **Гагарин Григорий** къызэралъхуре илъэс 208-рэ ирокъу.

♦ИнджылыІз ткачІуэ, «Овод» роман цІэрыІуэр зи Іэдакъэщ1экІ **Войнич Этель Лилиан** къызэралъхуре илъэси 154-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ сурэтыщІ цІэрыІуэ, ткачІуэ **Дали Сальвадор** къызэралъхуре илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Евтушенкэ Николай** къызэралъхуре илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Урысей ткачІуэ, драматург, журналист **Левашов Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирок

УсакIуэ цIэрыIуэ, журналист Тхьэзэплъ Хьэсэн и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр Аруан щIыналъэм хыхьэ Дохъушыкъуей (Старэ Шэрэдж) къуажэм 1943 гъэм накъыгъэм и 5-м кIыщалъхуагъ. Курыт щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, шофёру лэжьащ. Дзэм илъэсищкIэ кIулыкIу щищIащ. 1972 гъэм КъБКъУ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и факультетыр, 1974 гъэм Москва Горький Максим и цIэр зэрихьэу дэт Литературэ институтыр къиуващ. Дзэ, еджапIэ нэужьхэм ар щылэжьащ партым и Аруан райкомитетым.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и жэрдэмкIэ, 1976 гъэм ар художественнэ литературэр пропагандэ щIынымкIэ бюром и унафэщIу ягъэуващ. Хьэсэн хэтащ литературэр хэIущIыIу щIынымкIэ Союзэпсо бюром и Советым, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым дež поэзиемкIэ щыIэ Советым. УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретариуи лэжьащ.

1991 - 1992 гъэхэм «Аско-Евразия» страховой Iуэхущ Iапи Iэм и правленэм и унафэщIу лэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадзэу илъэс зыбжанэкIэ щытащ. 1998 - 2000 гъэхэм «Налшык и вакъэ фабрикъ» Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщIу лэжьащ. 2000 гъэм щыщIэдзауэ Тхьэзэплъыр «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.

Тхьэзэплъ Хьэсэн ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми и академикщ, ЩIДАА-м и щIэныгъэлI-секретарь нэхъыщхьэщ, УФ-м и ТхакIуэхэмрэ и Журналистхэмрэ я союзхэм, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и приёмнэ коллегием хэтщ.

Хьэсэн и тхыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдокI. 1976 гъэм щыщIэдзауэ ахэр республикэм и мызакъуэу нэгъуэщI щIыналъэхэм я газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ, тхылъ щхьэхуэу Москваи Налшыки къыдокI. Тхьэзэплъым и усэхэмрэ поэмэхэмрэ

щыIэзэхэхьэса тхылъ 30-м нэблагъэ дунейм къытехьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Ещанэ сменэ» (1971), «ЦIыхубз хужь» (1976), «КъежьапIэхэр» (1979), «Псыпэ» (1980), «Уэрэдыщ» (1983), «ЩIыгу гъащIэ» (1983), «Лъагъуныгъэ пшынальэхэр» (1993), «Вагъуэбз чырэ» (1997), «Тхыгъэ къыхэхахэр» (2003), «Лунный дождь» (1983), «Колесо жизни» (2001), «Зёрна из сада» (2006), «Алмазная башня» (2009), «Путь караванщика» (2017) тхылъхэр. Абы и тхыгъэхэр теухуащ Хэкум, гъащIэм, лъагъуныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, цIыхухэм я зэхущытыкIэм. Республикэм и композиторхэми ядолажьэ Хьэсэн - и усэхэм макъамэхэр хуатхащ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм ахэр ягъэзащIэ.

Ди литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри, Тхьэзэплъым къыфIащащ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыуп зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр; Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэ дунейпсо дыщэ медальр, Урысейм и литературэ саугъэт иныр, щытхъу, щIыхь тхылъэхэри къыхуагъэфэщащ.

Адыгэ усакIуэ щэджащэ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, нэгъуэщIхэми лъэпкъ литературэм хуащIа хэлъхьэныгъэфIхэм пищэу, Хьэсэн усыгъэм зрегъэужь езым и гъэзэгу къыхихыжауэ, щIэхэр къыхигъэхьэу. КъэжкIыпIэм и усакIуэхэу Низами, Саади, Хайям Омар сымэ я щапхъэм тету, рубаи жанрым ит усэхэр щызэхуэхьэса «Путь караванщика» тхылъыр Тхьэзэплъым (Хасани псевдонимым щIэту) и Iэдакъэм къыщIэкIащ. КъуэкIыпIэм и литературэм, щэнхабзэм, философиемрэ фIыуэ щыгъуазэ Тхьэзэплъ Хьэсэн псори зэхэту рубаи минрэ щитIым щIигъу итхащ. Абыхэм философиерэ я лъабжьэщ, илъэс мин бжыгъэкIэ цIыхухэм къадэгъэзгурыкIуэ лъэпкъ Iущыгъэр яхэлъщ, гупсысэ куу ящIэлъщ, мыхьэнэ ин яIэщ, цIыхум и гущIагъэщIэлъхэр, псэм и щытыкIэр къыщыгъэлъэгъуащ. А псом къыдэкIуэуи и рубаихэм хыболъагъуэ дунейм и дахагъэр, гъащIэм и IэфIыр, насып, лъагъуныгъэ, гуапагъэ мыухыж.

БЖЬЫХЬЭПI Розэ.

Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ Армавир дэт лингвистикэ университетым и ректору щыта Сакий Риммэрэ.

ПщIэншэ хъуакъым

60 гъэхэм лъандэрэ Хьэсэнрэ сэрэ дызэроцIыху. КъБКъУ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и факультетым щеджэми, ар филологхэм ди хамэтэкъым. И усэщIэхэр редакцэм ихьу къытригъэдзэн и пэ дыкъригъаджэрт.

ГЪУАЗДЖЭМРЭ литературэмрэ пэжыжьэ IэщIагъэм хуеджэ щIалэр усэ тхыным зэрыдихьэхар ди гуапэт. Псом хуэмыдэу сэ ар нэхъ спэгъунэгъут, курыт школ нэужьым мэкъумэш хозяйствэмкIэ факультетым сыщIэтIысхьати. Зы илъэскIэ а къудамэм сыщеджауэ си тхылъхэр къыщIэсхьижащ, экзаменхэр стыри, филологие факультетым и студент сыхъуащ. Хьэсэн сэ нэхърэ нэхъ жыжьапIэу къыщIэкIами, а Iуэхугъуэм нэхъ зэпэгъунэгъу дищIат. Абы къыхиха унэтIынымгъэр имыхъуэжу инженер-механик Iэщ Iагъэр зригъэгъуэтащ. КъищынэмыщIауэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературитутым щIэтIысхьэжри, щытхъукIэ къиуващ.

Хьэсэн и усэ тхылъым теухуауэ мыр сигу къинэжащ. Черкесск къалэм и лицей №95-м и унафэщIым и къуэдзэ, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат Астахов Татьянэ къыбгъэдэкI письмо «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къэкIуат. Абы итт гъэ еджэгъуэр и кIэм нэблагъэуэ, экзамен тыгъуэу, зэпеуэхэм я чэзуэ, и гъэсэнхэр еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьэнымрэ хуигъахьэзыру, щIэныгъэ лэжьыгъэми хэту Тхьэзэплъ Хьэсэн диным теухуа и усэ тхылъыр бзылъхугъэм къызэрыIэрыхьар. А псом и унагъуэ Iэхуэхэри къыхихьэжат: пхъурылъху къыхуалъхуат, и къуэм и хьэгъуэлIыгъуэм зыхуагъэзырырт, и адэанэр сымаджэ хьэлъэт. КIэщIу жыпIэмэ, а лъэхэзэмэм Iэпхубзым куэд хуэзэрихьат. Тхьылъыр къыIэрыхьэри, махуэ бжыгъэ фIэкI дэмыкIауэ, Татьянэ и адэр дунейм ехыжащ. Астаховэм и тхыгъэм Тхьэзэплъым фIыщIэ ин къыщыхуищIырт нэху, Iуэщ, цIыхугъэ зыхэлъ и усэхэм а махуэ хьэлъэхэр, и гуауэр къызэрыдагъэпсынщIам, къару къызэрыхалъхьам папщIэ.

Апхуэдэу гуапэу бзылъхугъэр къыпэджэжат Хьэсэн и усэхэм. Псом зегъэузэщIыным, диным теухуа апхуэдэ нэгъуэщI усэхэр иIэмэ иджыри хуигъэхьыну Татьянэ щыпылъуэм, «Горянка» газетым къытрыригъэдзат Хьэсэн и усэ гуп. УсакIуэм къыфIэмыIуэхункIэ Iэмал иIэкъым и псалъэр цIыхухэм гунэс зэращыхъуэ. КъыззэрысфIэщIымкIэ, псалъэр зи Iэщэ дэтхэнэми жалэм и мыхьэнэмрэ цIыхухэм ар зэрызыхащIэмрэ гулъытэ хуащIын хуейщ.

Апхуэдэу щыхъукIэ, зы тхылъеджэм нэхъ мыхъуми и гум удыхьэфамэ, ар дахагъэм, гуапагъэм хуэбгъэушфафмэ, е зыхэт гуэзэвэгъуэм къыхэпшафмэ, и усэхэм тригъэкIуэда зэманыр пщIэншэ хъуакъым. А кьалэным Хьэсэн хуэIэкIуэлъакIуэщ.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

Зи къару емыблэж

Ар зыхужаIэ цIыхухэм ящыщщ Тхьэзэплъ Хьэсэн, а цIэр абы къилэжьащ и гущIэдакIэрэ дуней тетыкIэкIэ.

И ГУАЩIЭДЭКIЫМ и гугъу пщIымэ, Хьэсэн и кьалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ щхьэ. Лейуэ утемыпсэлъыхьыкъми, нэрылъагъуэ а тхыгъэхэр зэрыкупщIафIэр, зэрыщIэщыгъуэр, зэрышэрыуэр - абы шэч къыгъэзыкъэ урихьэлIэныкъым. Нобэрей ди литературэм хуэфащэ увыпIэ щаубыдащ абыхэм. Щаубыдащ я купщIэкIэ, я гъэпсыкIэкIэ, я фащэкIэ. Хьэсэн и усыгъэхэр гупсысэ куукIэ гъэнщIащ, дапщэщи гукъинэщ, ущытезаши къэхъуркъым - ари шэчыншэщ. Апхуэдэ защIэщ, псалъэм папщIэ, Тхьэзэплъым и усэ кIэщIхэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр сатыр плIырплIщ зэрыхъур. КъуэкIыпIэмкIэ щызэфIэувауэ, лIэщIыгъуэ зыбгъупщIым нос апхуэдэ усыгъэхэм - рубаикIэ зэрдзэхэм - я ныбжьыр. Хьэсэн и фIыгъэкIэ ди литературэми щызэфIэуваща а жэр хьэлэмэтыр - абы щхьэкIэ пщIэ лей хуэфащэщ ди усакIуэ гущIафIэм.

И лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэнатlэ бгъэдэтщ Тхьэзэплъ Хьэсэн - «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэщ. Гу лъымытэнкIэ Iэмал зимыIэщи, а Iэнатlэр дзыхь кьыззэрыхуащI лъандэрэ куэдкIэ efIэкIуащ журналыр. Абы щIэк-щIэхьыгъэ къытохуэ ди лъэпкъ литературэхэм я фIыпIэр, урысыбзэкIэ зэдзэкIащ. Хьэсэн фIыуэ щыгъуазэщ урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ цIыхухэм я пащхьэ иплъхьэнкIэ нэхъ зыхуэфащэ тхыгъэхэм, зэи теплъэкъуклыркъым ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм я гуащIэдэкIым, и нэIэм щIэт зэпытщ ар - апхуэдэ кьалэнщ журналым и тхьэмадзэм и пащхьэ къыдахуэр. А кьалэныр дапщэщи кьохъулIэ Тхьэзэплъым. КъохъулIэ, гулъытэ иIэщ, набдзэгубдзапIъэщи.

Хьэсэн гу кьабзэ, псэ кьабзэ зиIэ цIыху гуапэщ - апхуэдэущ ар псоми зэрацIыхур. Зыгуэр къыщыхуэныкъуэм зещIи, щхьэ Iуэхур зригъэтIылъэкIынурэ, къыхуэныкъуэм зещIи гъэнэгъунущ, арэзы имыщIагъэ етIысхьынукъым, и гур зэгъэнукъым, и псэр тыншынукъым - ар псоми яхузэфIэкIыркъым. Хьэсэн хузэфIокI, и кьару еблэжыркъым.

Зы гъэ, Хьэсэн и жэрдэмкIэ, ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ щIалэгъуалэ гупышхуэ. Зыбжанэ щIат абыхэм апхуэдэ гупыIэтэ зэрахуэфащэрэ, мыгурыIуэгъуэр зыт: хэт, сыт абыхэм лъакъуэпэщIэдэ къахуэзыщIыр? Ар зэхигъэкIыху, етIысхакъым Хьэсэн: Михалков Сергей дежкIуэри, зи ужь ихьар абы гуригъэIуащ, Союзым хэзыгъэхьэ комиссэр Москва къришри, ТхакIуэ, усакIуэ пщыкIутхум нэблагъэ ТхакIуэхэм я союзым Налшык щыкагъэхьащ. Гудзакъэрэ гулъытэрэ зиIэ цIыхущ ар зыхуэзэфIэкIынур. Апхуэдэщ Тхьэзэплъ Хьэсэн.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Мы махуэхэм зи илъэс 75-рэ юбилейр зыгъэлъапIэ Тхьэзэплъ Хьэсэн ди псэлъэгъуц.

- ХЬЭСЭН, нэхъапэIуэкIэ адыгэ литературэм и хамэу щыта рубаихэмкIэ иджы зэрыбгъэбейр уасэншэщ икIи а усэ лIэужьыгъуэхэр щызэхуэхьэсауэ нэгъабэ къыдэбгъэкIа «Путь караванщика» тхылъым и пщIэр лъагэу къызэралъытар гуапэщ. Уи Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэхэм къыпэджэжхэр иджыри сыткIэ бгъэгуфIэну уи мурад?

- Рубаихэр щызэхуэхьэса си тхылъхэр ипэкIи дунейм кьытехьащ. ЯлэщIыкIэ рубаи 200 хуэдиз стхыри, зы тхылъ цIыкIуу къыдэзгъэкIыжащ. Си ныбжьэгъуэхэм ахэр щIэщыгъуэ зэращыхуар къыщызэIащэм, абыхэм иджыри 400 къыхэзгъэхъуащ. Иужьрей тхылъым 1200-рэ ихуагъ. Абыхэм иджыри адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къакIэлыкIуэнущ, цIыхухэр къыщыпэджэжакIэ, ягу щыдыхьакIэ. Къэбгъэльагъуэмэ, урысыбзэм рубаир кьибгъэтIэсэну куэдкIэ нэхъ гугъущ. А усэ пIэужьыгъуэр къэзыгъэщIа, дунейпсо литературэм зи цIэр къыхэна Хайям Омар дунейм ехьжами, и тхэкIэр кьытхуигъэнащ. Ар дымыгъэкIуэдыжу зэрытхъмэнум дыхуащIэкъун хуейщ. Рубаи усэ лIэужьыгъуэм и тхыкIэм и хабзэр езыр-езыру кьыслухуэкIащ.

УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и комиссэ сызыхэтым и зи чэзу зэIущIэу 2017 гъэм екIуэкIахэм щыщщ зым си «Путь караванщика» тхылъыр щызэIэпахащ икIи абы Урысейм и литературэ саугъэт иныр кьыпэкIуащ. Кавказым исхэм ящыщу ар зыхуагъэфэщащ цIыхуитI къудейщ. ТхакIуэ, усакIуэ 500 - 600-м хуэдизым я лжьыгъэхэр къыщащIыта зэпеуэм си цIэр фIыкIэ зэхэзыщрагIуар гуапэщ. Комиссэм хэтхэм ящыщ зым жиIащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Курытымрэ я хабзэхэр урыс литературэм къыщызыгъэссэбэпыр зэрымащIэр.

Литературэм ехьэлIауэ иджыпсту зэуэ куэдым солажь. ЩIэныгъэ фантастикэ жанрым и «Экспедиция 25 - 16» художественнэ тхыгъэр сотх. Апхуэдэ тхыгъэ лIэужьыгъуэ ди литературэм иджыри хэткъым. Фантастикэр таурыхъым хузэгъакIуэ хъунущ, ауэ сэ зи учь ситым и лъабжьэр таурыхъкъым, атIэ щIэныгъэщ. ЩIэныгъэм ехьэлIауэ щыIэхэм фIыуэ хыумыщIыкIмэ, апхуэдэ пэжыгъэ зэбгъэхъулIэфынукъым. Тхыгъэр мы гъэм нэзгъэсынну си мурадщ. Абы щыщ пычыгъуэ ди журналым и номерхэм ящыщхэм къыхетхуащ.

- ЗэрытщIэщи, уэ икIи инженер IэщIагъэ зиIэ къэхутакIуэу куэдым уку ацIыху. УнэтIынигъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ кьэбгупсысахэм гъуэгу ягъуэта?

- Пэжщ, техникэ патентибгъу сиIэщ. Ауэ ахэр иджыри къащтакъым. Инженер IэщIагъэм сыхуэмыджатэмэ, хэт ищIэрэ, нэхъ ищхьэкIэ зи гугъу ныпхуэсщIа щIэныгъэ-фантастикэ тхыгъэр схуэмытхынкIи хьунт. А IэщIагъэр зэрызыIэрызгъэхьам и фIыгъэкIэ дуней псом сыщыщдэкIа литературэхэм зыщыгъэгъуэзащ. Щэбэт, тхьэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэхэм библиотекэм сыкIуэрейт, дунейм кьытехьа лэжьыгъэщIэхэр зэзгъэщIэн щхьэкIэ. Къэбгъэльагъуэмэ, зы патент бгъэхъэзырым щхьэкIэ, абы ехьэлIауэ нэхъапэIуэкIэ дуней псом щызекIуэхэм зыщыбгъэгъуэзэн хуейщ, кьытумыгъэзэжын папщIэ. ИужькIэщ щIэ гуэр хэзбгупсысыным упэрыхьэну хуитыныгъэ ущиIэр. Патентхэр псынщIэ дыдэу дуней псом щIэрыIуэ щохъу. Къэбгъэльагъуэмэ, щэрхьэхэм ятеухуауэ сщIа лэжьыгъэм Сыбырым дэт щэрхь заводым щIэупщIа щиIащ. Си лэжьыгъэхэр езгъэхьа нэужь, къыхуатхыжащ машинэ псынщIэхэр мыхъуу, машинэщихуэхэм ахэр щIэплъхьэну уасэ зэрамыIэр. Ахэр къагъэсэбэпыну хуит зэрыщIым и жэуапыр щахуеэзгъэхьыжым, абы текIуэдэну мыльхъмкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхуейр къыхсхуаIуэжкащ. Ди жагъуэ зэрыхъунущи, мыльпкъмI Iэхэр игъэкIуэтакъым. Вертолётхэм, цIыхухъу, цIыхубз вакъэхэм теухуа патентхэр сиIэщ. Вакъэхэм ехьэлIахэр къыщIамыщтэм и щхьэусыгъуэр абы иджырейхэр зэрытригъэкIуэтынурщ, сыту жыпIэмэ, къэзгупсыса туфпъэхэм я лъэдакъэхэр зэпэхуэкI хуунущ икIи ахэр куэдрэ зекIуэнущ. Тыкуэнэкэмрэ бззэрэкэмрэ мыльку зэращIыр абы къыззтригъэувыIэнущ.

- Уи унафэм щIэт «Литературная Кабардино-Балкария» журналым литературэм си псалъэкIэ хэува нэхъыжьыфIэхэми кьалэмыр къэзыщтагъащIэ щIалэгъуалэми я тхыгъэхэр къэзэрытехуэр гуапэщ. Литературэм лъэ быдэкIэ хэувэну гугъэ уэзыгъэщI щIэблэ республикэм къыщIэкIыпIэтэрэ?

- Ди щIыналъэм щыпсэуэхэм къадэкIуэу, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Германием, Израильм, Узбекистаным, нэгъуэщI къэралхэм ящыщхэри вкьыжэру къытхуотхэ. Абы пэпкъэр нэхъри зэрешалIэ. Ди журналым и кьалэн нэхъыщхьэу зыхэдгъэувыжар щIэблэр дгъэсэныращ. Ар зэдгъэхъулIэн папщIэ, курыт еджапIэхэм я егъэджакIуэхэм пыщIэныгъэ ящиIэу ядолажьэ. еджакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэр щIэх-щIэхыуэр журналым къытохуэ. КъищынэмыщIауэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ къызэдгъэпэщауэ кьалэмыр Iэпэгъу зыщIа цIыху 30-м нэблагъэ хъу щIалэгъуалэм дадолажьэ. Языныкъуэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гупым кIэрыхужащ. А гъуэгум текIуэтыжкащ щIыпэм, кьэнахэм дагъэгуфIэ. Апхуэдэу, куэдкIэ узыныгуэ хъунухэри, ноуфIыщIщхьэрыкIуэ литературэм дгъэбакъуэ хэзыча, экономист, юрист Iэщ Iагъэхэр кьыхэзыхьыжынухэри диIэщ. Я цIэ кьисIуэну сыхуейщ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэралинститутым и профессор Щауэщ Iыкъу Людмилэ кьытхуигъэкIуа - Мерхэрэ Тазхэрэ я щIалитIым. Ахэр гукIи псэкIи литературэм епхащ. Абыхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIахэм иджыри цIыхуэ зыгуфIыщым я лжьыгъэхэр щIыдгъужу, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым кьыдигъэкIыну тхылъым хагъэхьэну дагурыIуащ. Зыкьытхуэзыгъазэхэр ди гуапэу кьыдогъэблагъэ. Журналым и бжэр сыт щыгъуи псом я дежкIи зэIухащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, республикэм и печать къыдэкIыгъуэхэм иджыпсту Iуэху зэIумыбзэхэр я мащIэкъым. Ахэр гъэзэкIуэфэщащ и Iуэхукъым. Ахэр гъэзэкIуэфэщащ и Iуэхукъэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр зэфIэвгъэкIрэ икIи журналым нобэ сыткIэ ухуэхъуапсэрэ?

- Iуэху зэIумыбзэхэм ящыщщ журналым и тиражкр кIуэ пэтми зэрэхуэхэр. Абы ехьэлIауэ нэхъапэхэм едгъэкIуэкIыну щыта лэжьыгъэхэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр ди зэманым, дауи, къэзэгъыжьыркъым. Журналым и лжьакIуэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ Iэмал имыIэу зэпыщIэныгъэ быдэ ди зэкъуэгъу дэлъын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди зэфIэкIкр нэхъ мащIэ хуэащи, район нэхъ жьыжьэхэм далъэIэсыфырыкъым. ТелефонкIи Iуэхур зэфIэхыгъэщ.

Къэралым журналым мыльку тригъэкIуадзу къыщыдигъэкIкIэ, абы ит тхыгъэхэр цIыхубзым зыгуэркIэ къахуэщхьэпэн хуейщ. Ди кьалэнщ журналым цIыхухэр дедгъэхьэхыну. Абы щхьэкIэ цIыхухэр зыхуей-зыщыщIэхэм фIыуэ зыхэдгъэгъуэзэн, захуэдгъэзэн хуейщ. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыдигъэкI журналхэм я нэхъыфIхэм ди къыдэкIыгъуэр зэрыхабжэм куэдкIэ дегъэгушхуэ.

Епсэлъар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

ЩIэблэм я гъэсакIуэ, унэтIакIуэ Iущ

КIуэкIуэ Валерийрэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ.

Профессор Джатэгъэжь Владимир, къэрал лэжьакIуэ Нэхущ Заурбий, Тхьэзэплъ Хьэсэн сымэ.

Ингуш усакIуэ Чахкиев Саид, Тхьэзэплъ Хьэсэн, ингуш усакIуэ Аушев СультIан, ингуш сэлэт *(и цIэр тщIэркъым)*, балъкъэр усакIуэ Додуев Аскэр. *Магас къалэ*

Усыгъэхэр

Тхьэзэплъхэ я лъэпкъ уэрэд

Ди лъэпкъ дахащэу
ди Тхьэзэплъ лъэпкъыр,
Нобэ гуфIэжу дэни щопсэу.
Пелуан пэлытэщ,
жанщ и Iэпкълъэпкъыр,
Тхьэр кьытткIэлъыплъу дыздегьэпсэу.

Ежьу:
Маржэ, ди щIэблэ,
Лъэпкъыр вгъэбыдэ,
Фи лъэр щIэлъэту
ГъащIэр ефхьэкI!
Жьэгу зэхэублэу
Тхыдэр вгъэкIуатэ,
Iуэху фыпэщIэту
ГъащIэм фекIуэкI.

Ди сабий Iэфlхэу, ди сабий тхуэфIхэр,
ГъащIэм дефIакIуэу батэр ягъэш.
Ди хабзэхьэу, ди нэхъыжьыфIхэр,
Къуэш къахуэхъунум яхуохъур къуэш.

Ежьу
Уей, жыIэ, нобэ ди лъэпкъ
гъуэгушхуэм,
Ди лIы Iэужьыр жыжьэ тхухэш!
ЩIэблэ кьытщIэхъуэр
гъащIэм тегушхуэм,
Хъункъэ ди Iэфlыр Iыхьэ мыгуэш.

Ей, Адыгэ Дадэ!
Махуэ тхухъу уи жьыщхьэр,
Уэ пхуэфэщэжыну
ЩIэблэ кьытщIэхъуащ.

Мо, гуфIэжу, Дадэ кьыбгъурыт
ЩIалэщхуэр,
Пльагъуркъэ зэрыуардэр, -
Дыгъэр и щхьэщыгущ.
Ар Адыгэ щIалэщ -
Аращ зэрыгушхуэр!
Адыгэ щIынальэр
Абы и лъэпкъ щIыгущ.

Мо, гуфIэжу, Нанэ
КъыдэкIар куэбжэпэм,
Нурыр къыщхьэщихыу,
Сыту цIыху зэкIуж!
Ар Адыгэ Нанэщ,
Ди IэфIагъ къежьапIэщ,
Псэм и гугъуехь щэхухэр
ЩIэхуу зыгъэхъужащ.

А хъыджэбз щэныфIэу
Нанэ кьыбгъурытыр
Сыту пщащэ дахэ,
Сыту IэпкълъэпкъкI екIу!
Ар Адыгэ пщащэщ,
Хьэл зэпIэзэрыту,
Дыгъэ бын къыдохъурн,
Нэмысышхуэм хуеII.

Мо пщIантIэшхуэ дахэм
Сабийуэ щыIэблэжыр
Дадэ и цIыкIуэхьэщ,
Нанэ и сурэтщ.
Адыгэ лIэужьым
ЩIэуэ къыщIэблэжыр,
Тхьдэ гъуэгу мытыншыр
Напэ зиIэу зыкIущ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

● Сабий джэгукIэхэр

Тхьэмадэ банэ

Адыгэхэм нэхъыфI дыдэу ялъагъуу щыта бэнэкIэщ. Къуажэ-къуажэкIэ, хьэблэ-хьэблэкIэ гуп хахрэ зэбэну щытащ. Аущ щIалэ щыкIуэр къыззрылъурэ, гупитI защIу щызэбэнри нэхъыбэт. Гупхэм хэтхэр щызэбэнкIэ нэхъыщIэ, нэхъ гуащIэмащIэ щыкIуэхэмкIэ къыщIадзэрт. А тIум зыр тридзамэ, а традзам и гупым щыщу къыкIэтыыкIуэр къыхэкIырти, а тезыдзам къебэнырт. Ари тридзэрэ - ещанэр къакIуэрт. А ещанэм мыдрейхэм я щIалэ щыкIур къытридзамэ, абы я етIуанэр ебэнырт.

Апхуэдзэрэ гупитIыр зобэн. Дэтхэнэ зыми и къалэнщ нэхъыбэ тридзэфмэ, тридзэну, и тхьэмадэр нэхъ мащIэм ебэныну къыхуигъэнэну. Къэхъурт къыззрыгуэкI бэнакIуэм адрейхэм я тхьэмадэр тридзэу, езым и тхьэмадэр зэбэнын къэмынэхэу. А щыкIэм тету традза тхьэмадэр, дауи, етIуанэ гъэзгу тхьэмадэу хахыжыртэкъым. Псом хуэмыдэу жылэ-жылэу щызэбэнкIэ.

Къэхъурт тхьэмадитIыр зэрыщытемыгъакIуэ. Апхуэдэм деж етIуанэ, ещанэ махуэхэми пащэнкIэ хъунут е, зэрытегъэдзакъым, жаIэу щызэбгрыкIыжи щыIэт.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Интернетым дыкъыщоджэ

ФIыр къызэрыбгурыIуэщ

Мы хъыбарыр къыщыхъуар ижь зэманырщ. КхъуэщынышхуитI къищынэмыщIа, иIэшхуи щымыIэу, зы бэнлъхугъэ и закъуэу псэурт. Махуэ къэскIэ пхъэхьым и кIапитIым кхъуэщынхэр фIэдзауэ щыхубзыр псыхьэ кIуэрт. Аущ, Iуэхуракъэ, зы къуэщынир гъуанэти псыр къижырт, адрейм изыбзэу псыр унэм къижьэсырт. Псыжжьыр гъунэгъуэкъыми гъуанэ зиIэ къуэщынир сыт щыгъуи ныкъуэу фIэкIа унэм къэсыртэкъым. ИльэситкIэ апхуэдэу екIуэкIащ, дагъэншэ къуэщынир и щхьэ хуэарэзыжу уардэу и щхьэр иэтырт, мыдрей тхьэмащкIэр укIытэурэ и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт, къызыхуигъэщIам и ныкъуэм фIэкI зэрыхуэзфIэмыкIыр и гуныкъуэгъуэти.

Апхуэдэурэ зэманыр екIуэкIыурэ, и дагъэр фIыуэ къызыгурыIуэж къэуощыным, и сэбэпынщагъэр хуэмыхьыжу, махуэ гуэрым бзылъхугъэм зыхуэгъаза: «Си ныкъуэдыкъуагъым хуабжу сытоукIытхъэ, си ягъэкIэ уэру кIыбгъэхуэ псыр унэм укъэсжыхукIэ йокIыкIыжри». Зи ныбжьыр хэкIуэта бзылъхугъэр мащIэу пыгуфIыкIри, жиIащ: «Уэ гу лъэптауэ къыщIэкIынкъым сыт щыгъуи уздэсхь лъэныкъуэмкIэ удз гъэгъа куэду къызэрыщыкIым. Уи ныкъусаныгъэм сыщыгъуазэти, сэ а лъэныкъуэмкIэ удз гъагъам и жылэхэр щыхэссащ. Уэ махуэ къэс а цIыкIуэм псы ящIыбокIри, гъащIэ ибот. А зэманым къриубыдзу сэ удз гъэгъахэр къыпызупщIурэ си унэм цIэзгъэувэри си гукъыдэжыр къаIэтырт, ярэжьагъуэ къызатырт. Уэ а уэзрыщIытым хуэдзу щIымытамэ, апхуэдизэ дахагъэри щыIэнут».

Дэтхэнэми фIагъыу бгъэдэлъыр хуэдгъэдахэрэ ар зэрыдгъэбэгъуэнум иужь диту дыкъызэдекIуэкIтэмэ ди насытэкъэ.

Зытхыжар
КЪЭБАРТ Мирэщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Мысырым щыщ пащтыхьыпхъу Шахъ Хъусни къэзылъхуар адыгэт.
Сурэтыр **Леомениль Лаурэ** *ищIащ. 1862 гъэ*

● Леонардо да Винчи

Номинымрэ бзу шырымрэ

Зы къудамэм тельеикIрэ адрейм тепкIэу, жыгыщ-хьэхэм щыджэгу номин ныбжьыщIэ цIыкIум бзу шыр зэрыс абгъуэ къиГуэтащ. Номинир абгъуэм щIэбэм, шыритI кхильэтыкIри ежьэжащ, кьинар иджыри зи дамэр мыжэнхъа нэхъ цIыкIурат.

Номин цIыкIум бзу шырыр кърихри, ар и IэмкIэ иIыгъуу, гуфIэгъуэшхэр иIэу унэм къэкIуэжащ. Абы бзу шырыр апхуэдизкIэ игу ирихьати, игъафIэу щIидзащ: бз хуищIу, кьибзеихьу, щIиупскIэу, и бгъэм кIэрикъуэзу.

Номин анэр и пхъум гумащIэу еплъа мыхъумэ, къуейщIей цIыкIум ешхыдэххакъым.

- Еплъыт, мамэ, мы цIыкIур зэрылъагъуГуэафIэр икIи зэрыдыхьэшхэныр! - гухэхьуэшхэм къызэщIиIэтауэ кIиярт номин цIыкIур. - Сыту фIыщIэйеуэ слъагъурэ сэ мыр!

Апхуэдэу зэпымыууэ бзу шырыр игъэфIащ, и Iэплэешэкl хуабэ-гуащIэхэм игъэбамплэу зэгуэудыхьу.

ДжэгукIэ шынагъуэхэр щыдальагъукIэ, абы фIыкIэ зэримыхъым ирегупсыс и чэзум зи быныр къыжьэдэзымыкъуэф язынынкъуэ адэ-анэхэри.

Мыщэ шырымрэ бжьэхэмрэ

Мыщэ анэр Iэхуркlэ щIэкIыу жыжьэ нэсатэкъым, пкъымызагъэ и къуэ цIыкIур, унэм щIэмыкIыну и тхьэкIумэр и анэм къыззриIуэнтIар щыгъупщэжауэ, дэлъейкъелъыхыу мэзым щыщIэлъэдам. Мыр сытым хуэдэу Iэхуитлъэхуит, сыт хуэдиз узыIэпызышэ мэ гуакIуи щызыхэпщIэрэ! Хуиту узымыбзуэф гъуэ Iэзэвлъэзэвым ебгъэщхь хъунт-тIэ мы дуней тельыджэр! ГуфIэгъуэшхуэм зэщIиштауэ, мыщэ шырым хьэндырабгъуэкэр кьрихуэкIыу, бзу ушэ макъым едаIуэу, зэи зыхимыщIа удз гъэгъахэм епэму щIидзащ - тхьэжьыгъуэр и махуэт абы. Апхуэдэу зыкъомрэ дуней жэнэтым хэсащ ар, жьг кугъуанэшхуэм хуэззу, и пэ гъуанэр зыгъэкIыл, зыIэпызышэ мэ IэфI гуэр къыIурыуам къызэтригъэуэвыIэху.

Мыщэ шырым, жьг кугъуанэр къызэпиплъэхьри, бжьэ цIыкIу куэдыкIейм гу лъитащ. Язынынкъуэ бжьэхэр, къэрэгъул нэхъей, шынагъуэу вууэ, жьг кугъуанэм деж къъщалъэтыхьырт, нэгъуэщIхэм, пшэрыхь гуэр къахьауэ хуэбгъэфащэу, къэсырти, кугъуанэм ильатэрт, абы кьилъэтыкIыжьырти, мэзымкIэ яГъэззжырт.

Псори ищIэну зыфIэфI мыщэ шырым зыхуэIыгъыжыртэкъым, ильагъуэкэр фIэгъэщIэгъуэну, хьэупсэгъуэм зыдригъэхьэхащ: абы хуэщэчыжьыртэкъым жьг кугъуанэм щекIуэкIхэр кьищIэну, япэщIыкIэ и пэ псыIэр ириIури щIэпэмащ, иужькIэ лъапэкIэ иIэбэри хуабэу къыпкIэрыпщIэгъуафIэ гуэр зыхиущIащ. И лъапэр къыщирихыжам - фо защIэт.

Мэ IэфIыщэ къызыпих фомебзейуэ, гухэхъуэшхуэ къызэрыритам и нэр зэтрыригъэпIэну хунэсатэкъым, пшэм хуэдэу къытелъэта бжьэ ябгрэхэм зыкъыхахукIэу щыщIадзам - и пэм, и тхьэкIумэхэм, и жьэм... Мыщэ шырым, узыр хуэмышэчжьу къэгъуэхуэрэ, бжьэхэр и лъапипплымкIи ипЫтIу щIидзащ. Аущ бжьэхэр нэхъ Iеижу кьеуэрт. Щымыхъум, уз гуащIэ-сырыр тIэкIу игъэщэбэн и гугъэу, щIым зыщигъэкIэрахъуэу хуежьащ, ауэ ари сэбэп къыхуэхъуакъым.

Мыщэ шырыр, гуэвэгъуэ телъу, и унэр здэщIыкIэмкIэ щIэпэхъуащ. Зэрыщыту зэхэуIухьаРэ гъэзгъу и анэм деж щIэлъэдэжащ. Мыщэ анэм, щIэмыупщIэу зэрыщIэкIам, зэрыкъуейщIеям щхьэкIэ, хабзэм тету, и къуэм тIэкIу ешхыдащ. Ауэ иужькIэ, хуэгумащIэу, бжьэхэр зэуэ щIыпIэкIэр псынэпс щIыIэкIэ хуитхьащIри и узыр щхьэщигъэкIащ.

Абы лъандэрэ мыщэ шырым быдэу ещIэ IэфIым уасэшхуэ щIэптын зэрыхуейр.

ЗэзыдзэкIар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

● Псалъэ пэжхэр

Уи хэку къэгъэзэж

♦ГъащIэр кIэщIщ, мыхьэнэншэу бгъакIуэм ухущIегъуэжынщ.
♦Дунейр къэкIуэхьи, уи хэку къэгъэзэж.
♦Жылэм къыпхуащI пщIэр лъапIэщ, лъэпкъым къыпхуищI пщIэм уасэ иIэкъым.
♦Зэманым декIуф лъэпкъым и Iуэху докI.
♦Къэрал мыхъумыщIэм и цIыхур бэлыхь щыщIэркъым.
♦Мыхъумыщ1э зылэжьым хуэфэщэн удын темыхуэмэ, абы хуэдэхэм я бжьгъэм хохъуэ.
♦Нэхъыжьыфl зиIэ лъэпкъым хъуэпсэгъуэ куэд дыболъагъу.
♦БыныфIрэ Iуэхуфlрэ къыззэынэкIам и цIэр кIуэдыркъым.
♦ГуфIэгъуэм я нэхъ кIыхьыр, хэхъуэм я нэхъ иныр-сабийрщ.

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Чэнджэщхэр

Хывышэм дагъэ куэд щIэтщ

Адыгэ джэш хужь пIащIэр мыгъэвауэ махуэм щэбжэмыш изурэ яшхмэ, фошыгъу узыр мэхъуж.

Хадэм джэдгын итыну фIыщ, мэлыIыбчыр иохьэ жаIэ.

Собэ тедзэм щIафэльдыжкIи йоджэ.

ЖЫы хъуа шыр щакIынум дэж, зрамыгъэгъэпсэхуу куэдрэ къражхэкI, пщIэнтIэпс нэхъыбэ къыхэкIын щхьэкIэ. Апхуэдэу ямыщIмэ, а шым и лыр бгъавэми бгъажьэми пхуэшхынукъым, лым пщIэнтIэпсымэ къыхэхри. Кърахуэжауэ фIагъэжа шым и лым апхуэдэу мэ IейI иэкъым. Абы и лыр ягъавэ, и лэпсри ирамыфу иракIут. Шыл вам нэхъ дашхри бжьыныху, шыгъурэ пIастэ хуабэрэщ.

Бабыщ бзагуэр кIэцIа нэужь абы и джэдыкIэм уеIусэмэ ар зейр а абгъуэм тетIысхьэжьынукъым, джэдыкIэм цIыхумэ щыуащи.

Мэз къужь цIыкIур мыхьу щыкIэ къыпохри, ар мэжьу лъабжьэм, тхьэмпэ лъабжьэм щохъуж.

Хывышэм нэхъ дагъэ куэд щIэтщ, жэмышэм нэхърэ.

Джэдыщ1эм япэу къикIэщI джэдыкIэр цIыкIунитIэщ, ныбгъуэ джэдыкIэм хуэдизу, ар яшх хабзэкъым.

КIэцIын зыуха джэдыжьми иужь дыдэу къикIэцIыр цIыкIунитIэщ, ари яшхыркъым.

ГъэтIылъыгъэ ящIыну кхъуейр нэхъ щыхэхын хуейр мэкъуэуэгъуэ, бадзэуэгъуэ, шыщхьэуIу мазэхэрщ. Мис абы щыгъуэ хаха кхъуейр IэфIщ, витамин куэду хэлъщ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Шхыныгъуэхэр

Шхуз

Мы шхыныгъуэр япэ зэманхэм ящIу щытащ. Нэхъапэхэм унагъуэм жэм зыщыплI зэрахуэрти, гъэш я куэдт. Бжьыхьэрт нэхъ щащIыр. Ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырым щхьэкIэ шху пэгуниц-плIы шыгъу тIэкIу зэгъэпщIэрэ ягъэпщIэрэ щыщIыIуж. ШIэр щIэмыхумэ нэхъыфIщ. Шху дияр чэсыргей къэпым иракIэри гъагапIэм щыфIэдзауэ, жьы щIихуу махуитI хуэдизкIэ щыIапIэ фIагъэлъ, щэжьпсыр щIэжьн щхьэкIэ. А щэжьпсыр зэрыльъэдэн хьэкъущыкъу къэп лъабжьэм кIэщIагъэувэ. Шхузым къыщIэжа щэжьпсым уефэну сэбэпщ. Къурт къыхащIыкIи хъунущ. МахуитIкIэ лъагапIэм фIэлъа шхур Iувбзэ мэхъу. КIэструлышхуэм шатэ техагъащIэ иракIэ, и лъэгур щIигъанэ къудейуэ, къэпым къина, къъуейлъапэм хуэдэу хъуа шхур абы иракIэ. Абы и щIыIум тхъу гъэвэжагъащIэ упщIыIуа тракIэ зы сантиметр и Iувагъэу. КIэструлыщхьэр бинт тIуащIэщащIэкIэ щхьэщапхыкIыжри щыIапIэкIыфIыпIэм ягъэув. Гъатхэр хьэблэгъэ нэужьщ къыщащтэр. Щашхынум и дежщхуэр бжэмышхкIэ къыгуахьыгъэ фалъэм е тепщэчым иралъхьэ. Дашх щIакхъуэ, лэкъум, чыржьн, мэжаджэ, мырамысэ хуабэ.

Халъхьэхэр:
шхуэ - л 40,
шыгъуу - грамми 100,
шатэу - грамм 2000,
тхъууэ - грамм 2000.

ДзасэкIэ гъэжьа джэдыл

Абы щхьэкIэ нэхъ къагъэсэбэпыр джэдыщIэщ. Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, гъущэу ялъэщIри Iыхьэурэ зэпкърах. Тепщэч мыулъэйм иралъхьэ, шыгъу, цIыкIу-цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху, шыбжий сыр хьэжа, бурш халъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри фIыуэ зэIащIэ. И щхьэр трапIэри зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 30-40-кIэ щIыIапIэм щагъэув. Щагъэжьэнум деж джэдыл Iыхьэхэм бжьыныху тыкъырхэр кIэрахри я кIыхьыпIэмкIэ дзасэм паIу. Тхъуэплъ хъуху дэпкIэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкIи шатэ щахуэурэ. Джэдыл жьар дзасэм къыфIахьыжри тепщэчым илъ пIастэ хуабэм и щIыIум тралъхьэ. Хуабжьу шхыныгъуэ IэфIщ, мэ гуакIуэ къыхихьу.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
джэдылу - грамм 400,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 20,
шатэу - грамм 30,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 15-рщ.

Псалъэзэблэдз



Накъыгъэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*:** **5**. Мэгурым. **7**. Сэрмакъ. **9**. Умэ. **10**. Дэхъу. **11**. Уэгъу. **13**. Мылыф. **15**. Хъурмэ. **16**. Азэн. **17**. Къущ. **19**. Гъуо. **20**. Бэв. **22**. Шэху. **24**. Блэ. **25**. Баш. **26**. Жин. **27**. Афэ. **28**. Бгъэ. **31**. Щхьэ. **33**. Чы. **34**. Бо. **36**. Самэ. **38**. Балъкъ. **40**. Щэуей. **42**. Къуэдз. **44**. Мэз. **45**. ХущIэ. **46**. Дадуэ. **48**. Тхъууалъэ.

***Къехьу*:** **1**. Хугу. **2**. Шыпхъу. **3**. Хьэту. **4**. Къум. **5**. Мэпыхъуэ. **6**. Iумыл. **8**. Къазынэ. **10**. Дэм. **12**. Гъуэз. **13**. Мыщэ. **14**. Фыгъуэ. **18**. Джэлэфей. **20**. Бырыб. **21**. Выбжьэ. **22**. Шэнтщ. **23**. Хущанэ. **29**. КIыхьщ. **30**. Хъубий. **32**. Псыкуэд. **35**. Акъсырэ. **37**. Мэкъу. **39**. Ауэ. **41**. УпщIэ. **43**. Дзасэ. **44**. Мыхъур. **47**. Ду. **49**. Акъ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖьылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэхъабэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущапсэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-центрымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапсэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр яущащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьезыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №470